



Pou Piblikasyon Imedya: 5/1/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 'SOT NAN PRIZON AL TRAVAY' -- YON NOUVO
INISYATIV POU AMELYORE REYENTTEGRASYON NAN MENDÈV AK REDUI
RESIDIVIS**

***'Sot nan Prizon al Travay' pral ede konekte moun ki te nan prizon yo ak Edikasyon
ak Opòtinite***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse inisyativ 'Sot nan Prizon al Travay' la nan kad diskou sou Eta Eta 2022 li a. 'Sot nan Prizon al Travay' vize amelyore reyentegrasyon nan mendèv ak redui residivis lè yo konsantre efò pou konekte moun ki te nan prizon yo ak edikasyon, resous yo, ak opòtinite pou yo jwenn travay.

"Pa gen jistis nan yon sistèm ki kontinye pini nan fason initil moun ki te nan prizon yo ki te deja piye pèn yo ak peye dèt yo anvè sosyete a," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Nou konnen kòman fòmasyon kòm sadwa, opòtinite, oswa diplòm inivèsite ka souleve nenpòt Nouyòkè kèlkeswa kote w soti, se poutèt sa nou dwe eksplwate pouvwa edikasyon pou ede moun ki te nan prizon yo reyentegre, pandan n ap asire sistèm jidisyè a pa anpeche yon moun eseye amelyore lavi li."

Malgre tout pwogrè New York fè deja nan kreye yon sistèm jistis kriminel ki pi jis, anpil moun nan prizon eta yo kontinye konfwonte difikilte pou yo jwenn aksè a opòtinite edikasyon yo. Agrandisman opòtinite ansèyman siperyè yo pou moun ki nan prizon yo bay avantaj byen klè lè yo redui residivis, ogmante anlwa apre yo lage, epi ekonomize lajan kontribiyab yo. Moun ki nan prizon ki patisipe nan pwogram edikasyon nan prizon yo gen 43 pousan mwens chans refè krim pou remete yo nan prizon, epi 13 pousan plis chans pou yo jwenn travay apre yo retounen nan kominote yo a. Kontribiyab yo ekonomize anviwon \$5 pou chak \$1 yo investi nan edikasyon moun ki nan prizon, epi to residivis la redui gras ak investisman sa a.

Plan 'Sot nan Prizon al Travay' Gouvènè Hochul la pral ede Nouyòkè ki nan prizon yo ak sila yo ki te nan prizon devlope konpetans travay enpòtan yo epi sekirize anlwa alontèm, sa k ap ede redui residivis ak ogmante sekirite piblik.

Y ap rive reyalize sa a pa mwayen:

- **Reyoryantasyon Fokis Ajan Liberasyon Kondisyonèl yo anvè Planifikasyon Karyè ak Plasman nan Travay:** Pou pi byen soutni

opòtinite anplwa pou moun ki an libète kondisyonèl yo epi plis redui residivis, Gouvènè Hochul pral pwopoze Depatman Koreksyon ak Sipèvizyon Kominotè a (Department of Corrections and Community Supervision, DOCCS) ak Divizyon Sèvis Jistis Kriminèl la (Division of Criminal Justice Services, DJCS) pou yo kolabore pou fòme yon rezo ki gen anviwon 100 ajan liberasyon kondisyonèl ak espesyalis reyentegrasyon Eta a yo sou planifikasyon karyè ak plasman nan travay. Ajans yo pral bay fòmasyon ki baze sou prèv ak lòt pwogram ki konsantre sou devlopman travay yo, k ap asire tout pwofesyonèl liberasyon kondisyonèl ak libète siveye yo nan New York pare pou soutni chak moun k ap retounen nan fanmi l ak kominote li. Apati 2023, prèske tout 700 ajan liberasyon kondisyonèl nan Eta New York la yo pral resevwa fòmasyon sou mendèv sa a.

- **Pèmèt sektè prive a volontèman ofri opòtinite travay nan prizon yo ki peye yon salè konpetitif:** Gouvènè Hochul pral pwopoze yon amandman konstitisyonèl pou pèmèt yo fè patenarya piblik-prive k ap aktive pwogram ibrid libète pou aktivite travay yo anndan prizon yo. Patenarya sa yo, ki pral volontè epi k ap peye yon salè konpetitif, pral bay konpetans travay nan sektè prive ki esansyèl pou moun ki nan prizon yo.
- **Agrandisman pwogram pwofesyonèl, preparasyon pou travay, ak reyentegrasyon yo:** Pou ranfòse pwogram karyè ki egziste deja yo, Gouvènè Hochul pral bay DOCCS lòd pou yo egzamine ak agrandi pwogramasyon pwofesyonèl aktyèl la, tankou pwojè pilòt laboratwa enfòmasyon pou reyentegrasyon an, ak mete nouvel inisyativ yo sou pye, ki gen ladan, fòmasyon pwofesyonèl ki ta pèmèt moun ki nan prizon yo jwenn lisans chofè komèsyal yo.
- **Restorasyon pwogram Èd pou Peye Frè Eskolè (TAP) pou moun ki nan prizon yo:** Gouvènè Hochul pral pwopoze lejislasyon pou anile entèdiksyon ki la depi byen lontan ki anpeche moun ki nan prizon yo jwenn èd finansye Eta a epi ki mande inivèsite yo ki gen kontra ak DOCCS yo bay konsèy sou oryantasyon pwofesyonèl ak diplòm ki ofri chemen anvè karyè enteresan.
- **Pèmèt libète pou aktivite edikasyon vin yon okazyon merite pou reyentegrasyon:** Aktyèlman la, lwa Eta a otorize jiska 14 èdtan Libète pou Aktivite Edikasyon pa jou pou rezon edikasyonèl, pwofesyonèl, oswa rezon ki asosye yo; men, pifò moun ki nan prizon ki enskri nan inivèsite yo pa kalifye akòz nati krim yo te fè a. Pou rezoud pwoblèm sa a, Gouvènè Hochul pral pwopoze lejislasyon pou agrandi chan sila ki elijib yo lè l pèmèt moun ki nan prizon ki kalifye pou Atribisyon Tan pou Kredi Limite (Limited Credit Time Allowance, LCTA) yo pou yo patisipe nan libète pou aktivite edikasyon, epi pou akselere atribisyon sis mwa kredi LCTA kont pèn yo a pou kòwòt sa.

- **Adopte Lwa Nouvo Depa a:** Gouvènè Hochul pral ensiste pou fè adopte Lwa Nouvo Depa (Clean Slate Act) a, ki se yon lejislasyon pou refòm jistis kriminèl la ki ta pèmèt yo sele kèk dosye krim apre sètan ak sele kèk dosye deli apre twa zan, apre moun lan te fin pije yon pèn. Pou yon moun elijib pou selaj dosye, li ta dwe fin pije tout pèn prizon ak sipèvizyon kominotè li a; yo pa te kondane li pou yon krim seksyèl; epi li pa ta dwe gen yon lòt kondanasyon nan Eta New York depi lè li lage ni gen akizasyon annatant kont li pandan peryòd l ap tann desizyon sou elijiblite li a. Y ap fè eksepsyon rezonab yo kòm sadwa pou kategori anplwa apwopriye yo.
- **Fè yon pwòjè pilòt sou yon nouvell apwòch a lojman tradisyonèl pou moun yo apre yo lage sot nan prizon:** Gouvènè Hochul pral kreye yon pwogram pilòt ki vize amelyore kapasite yon moun ki te nan prizon pou l sekirize lojman estab, k ap anpeche yo rive tonbe nan sistèm refij la. Pwogram pilòt sa a ta travay ak yon etablisman tretman rezidansyèl pou ofri lojman estab pou 90 jou pandan moun lan ap chache yon travay ak yon lojman pèmanan.
- **Eliminasyon frè sipèvizyon demode yo pou redui obstak yo pou moun k ap retounen nan sosyete a apre yo te nan prizon:** Dapre lwa sou frè sipèvizyon aktyèl Eta New York la, DOCCS oblije kolekte yon frè sipèvizyon \$30.00 pa mwa pou chak moun ki gen plis pase 18 tan ki an libète kondisyonèl ak sipèvizyon apre yo lage. Men moun ki an libète kondisyonèl yo pa gen ase revni epi opòtinite travay yo limite, kidonk moun ki an libète kondisyonèl sa yo gen difikilte pou yo peye frè sa yo, sa ki lakòz to koleksyon frè yo vrèman ba. Pou fasilite reyentegrasyon plis pase 30,000 moun ki an libète kondisyonèl yo, Gouvènè Hochul pral pwopoze pou elimine frè sipèvizyon demode sa yo, sa k ap redui fado finansyè a sou do moun ki an libète kondisyonèl yo.
- **Dotasyon konplèt nan Komisyon Liberasyon Kondisyonèl la ak entèdi manm Komisyon yo pou yo pa travay lòt kote:** Lwa Eta a otorize Komisyon Liberasyon Kondisyonèl la genyen jiska 19 manm, se Gouvènè a ki nonmen yo chak epi Sena a konfime yo pou yon manda sizan. Men, piske komisyon liberasyon kondisyonèl aktyèl la genyen 15 manm sèlman, Gouvènè Hochul pral nonmen moun yo pou ranpli kat syèj ki rete yo, sa k ap ogmante kapasite komisyon an pou l tande odyans ka yo. Anplis, pou plis ogmante kapasite komisyon an, epi asire manm komisyon an yo konsantre yo sou tande odyans ka yo sèlman kòm okipasyon pwofesyonèl yo, Gouvènè Hochul pral entèdi Manm Komisyon Liberasyon Kondisyonèl yo pou yo pa travay lòt kote.
- **Fasilite aksè pou jwenn Kat Idantite (ID), ak lòt dosye eta sivil yo pou amelyore opòtinite pou moun ki lage sot nan prizon yo:** Moun ki nan

prizon yo souvan gen difikilte bay dokiman yo bezwen pou jwenn yon kat idantite ki pa lisans chofè nan Depatman Veyikil Motorize a (DMV Non-Driver ID). Pou rann li pi fasil pou moun jwenn dokiman apre yo lage sot nan prizon pou ede jwenn yon kat idantite ki pa lisans chofè nan DMV, Gouvènè Hochul pral pwopoze lejislasyon pou pèmèt yo konsidere yon pèn ak angajman oswa yon sètifika kondanasyon kòm otorizasyon pou DOCCS jwenn yon ak de nesans oswa transkripsyon nesans sètifye onon yon moun ki nan prizon pou yo ka bay yon pyès idantite Eta a lè yo lage l. Epitou, Gouvènè Hochul pral agrandi pwogram pilòt reyisi DOCCS ak DMV te tabli pou trete ID ki pa lisans chofè yo pou moun ki an libète kondisyonèl yo pou gen ladan yon pwogram pilòt k ap pèmèt yo bay ID sa yo avan yo lage moun ki nan prizon yo.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)